

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra téh mangrupa hasil karya manusa anu diébréhkeun ngaliwatan ide atawa gagasan dina wangun tulisan. Dina karya sastra nyampak unsur-unsur kaéndahan boh nu nembrak boh nyamuni. Éta hal mangrupa kréativitas pangarang dina nyipta hiji karya. Ngaliwatan karya sastra, pangarang ngedalkeun sakur imajinasi jeung pamikiranna.

Saluyu jeung konvénsi nu geus aya, téks sastra téh dibagi jadi tilu nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Ditilik tina sajarahna, kawih kaasup kana puisi Sunda buhun. Kecap kawih kapanggih dina naskah Sunda kuna “Sanghyang Siksa Kanda’ng Karesian” (1518 M) anu unina;

“Hayang nyaho di sakwéh ning kawih ma; kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalangan, kawih panyaraman, kawih sisindiran, kawih péngpélédan, bongbong kaso, pérerané, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasambatan, kawih igel-igelan; sing sawatek kawih ma, paraguna tanya” (Ruhaliah, 2019, kc. 60).

Anu hartina: lamun hayang nyaho sagala rupa wanda kawih, kawas kawih bwahtuha, kawih panjang, kawih lalangan, kawih panyaraman, kawih sisindiran, kawih péngpélédan, bongbong kaso, pérerané, porod eurih, kawih babahanan, kawih bangbarongan, kawih tangtung, kawih sasambatan, kawih igel-igelan; rupa-rupa lagu, tanyakeun ka paraguna (ahli karawitan) (Hendrayana, spk, 2020, kc. 412).

Upama nilik kana téks naskah SSKK di luhur, bisa dicindekkeun yén kawih téh indung tina sakur seni sora nu aya di tatar Sunda. Dina jaman kiwari, kawih nu mindeng dipintonkeun dina pagelaran seni nyaéta kawih sanggian Mang Koko, contona saperti lagu “Kembang Tanjung Panineungan”, “Hanjuang di Kutamaya”, “Reumis Beureum dina Eurih”, “Angkrék Japati”, “Bungur Jalan ka Cianjur”. Sabada dipaluruh kawih-kawih sanggian Mang Koko téh lolobana rumpaka karya Wahyu Wibisana.

Wahyu Wibisana téh salasahiji sastrawan Sunda anu kasohor. Karya-karyana réa pisan, saperti *Néléngnéngkung* (novél), *Riring-riring Ciawaking*

(kumpulan guguritan), *Anaking Jimat Awaking* (novél), jeung *Hiji Tanggal nu Dipasinikeun* (kumpulan carpon). Salian ti buku, karya-karya Wahyu Wibisana nu lianna nyaéta gending karesmén, saperti *Mundinglaya Saba Langit*, *Galunggung Ngadeg Tumenggung*, *Si Ujang jeung Doraémon*, *Si Kabayan*, jrrd. Malah gending karesmén *Si Kabayan* geus dipagelarkeun leuwih ti saratus kali (Rosidi, 2018, kc. 428).

Nurutkeun Rosidi (2018, kc. 428), Wahyu Wibisana kungsi dilélér penghargaan, saperti juara hiji pasanggiri carpon ti LBSS (Lembaga Bahasa Sastra Sunda taun 1956) jeung Hadiah Sastra Rancagé (katégori jasa taun 1997). Ku ayana éta hal téh minangka bukti yéh Wahyu Wibisana salaku sastrawan Sunda anu rancagé, kalawan karya-karyana dipigandrung jeung dipitineung ku masarakat Sunda.

Nurutkeun Iskandarwassid (dina Isnendes, 2010, kc. 6), sastra téh karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha pikeun ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra) kaasup fungsina atawa makéna basa. Jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa.

Karya sastra mangrupa salasihiji hasil réka cipta manusa tina naon nu karandapan. Boh éta sacara langsung boh hasil tina aprésiasi lalakon anu karandapan ku nu lian, kalawan dijadikeun dadasar jeung tatapakan pikeun nyipta hiji karya. Saluyu jeung pamadegan Plato anu nganggap karya sastra mangrupa titiron alam atawa kahirupan (Abrams, 1981 dina Wiyatmi, 2013, kc. 12). Ku hal éta, gelarna hiji karya tinangtu miboga kasang tukang.

Sabada dipaluruh, rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana réa pisan ajénna, di antaran ajén sajarah. Ku kituna, pikeun ngaguar éta kudu maluruh strukturna. Struktur puisi dibagi jadi dua, nyaéta struktur lahir jeung struktur batin. Struktur lahir nyaéta unsur pangawangun dina puisi, struktur batin disebutna hakékat puisi. Éta dua unsur mangrupa komposisi anu silih patali, lantaran ngawangun struktur puisi anu ajeg (Isnendes, spk, 2018, kc. 94).

Ieu panalungtikan téh lain munggaran diayakeun, sabab geus aya sababaraha urang nu nalungtik ngeunaan kawih, di antarana 1) ”Rumpaka Kawih Sunda Islami Sanggian Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMP

Kelas VIII (Ulikan Struktur jeung Ajén Atikan) ku Noval Muhammad Safari (2019). 2) “Ajén Éstétika dina Rumpaka Kawih Album Kolot Kalapa Karya Uibun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA kelas X (Ulikan Struktural)” ku Moch. Yoga Agung Nugraha (2020). 3) “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang (Ulikan Struktural-Semiotik jeung Ajén Moral)” ku Niknik Dewi Permana (2013). 4) “Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural jeung Ajén Estétika) ku Gusnira (2018).

Panalungtikan nu kapanggih ngeunaan kawih lolobana nalungtik ngeunaan ajén éstétik, ajén moral jeung ajén atikan. Éta ogé aya nu nalungtik ngeunaan ajén sajarah, tapi obyék panalungtikana kana novel, di antarana “Kandungan Nilai *Historis* dalam Novel *Glonggong* karya Junaedi Setyono (Kajian Sosiologi Sastra) ku Widodo jeung Wahyuningtias (2017), “Nilai Sejarah dalam Novel *Pulang* karya Leila S. Chudori dan Implikasi terhadap Pembelajaran Bahasa dan Sastra Indonesia” ku Dio Muhamad Nurdiansah (2015).

Dumasar kana tinimbangan, ieu panalungtikan ngeunaan ajén sajarah dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana perlu dilaksanakeun, lantaran saméméhna can kungsi aya panalungtikan anu ngaguar ajén sajarah dina kawih. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Ajén Sajarah dina Rumpaka Kawih Karya Wahyu Wibisana”.

1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta ieu di handap.

- 1) Sawatara masarakat teu maham kana struktur téks rumpaka kawih.
- 2) Sawatara masarakat ngan saukur apal kana lagu tapi teu maham kana ajén sajarahna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar saméméhna, sangkan leuwih museur ambahanana, perlu dijieun rumusan masalahna. Ku kituna, rumusan masalahna dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur téks rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana téh?
- 2) Kumaha ajén sajarah nu nyampak dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar ajén sajarah nu nyangkaruk dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur téks rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana,
- 2) ajén sajarah anu aya dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

1.4 Manpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi opat, nyaéta 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat kawijakan, jeung 4) mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh nu maca sarta bisa jadi référénsi ngeunaan sastra, hususna nu patula-patali jeung ajén sajarah dina rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) panalungtik, miboga pangalaman maham jeung ngulik ngeunaan struktur puisi jeung rumpaka kawih anu patalina jeung ajén sajarah dina rumpaka kawih.
- 2) pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan hasil panalungtikan kana rumpaka kawih.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan dina ieu panalungtikan téh nyaéta bisa jadi bahan tinimbangan pikeun Dinas Pendidikan jeung Kabudayaan, sangkan ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan bacaan pikeun balaréa dina hal mikaweruh ajén sajarah dina rumpaka kawih.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Sacara isu, ieu panalungtikan mangpaat pikeun pangaweruh nu macana dina segi basa jeung senina. Ogé ieu panalungtikan bisa jadi bahan caritakeuneun dina kahirupan pikeun ka hareupna. Sarta bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan ajén sajarah. Sacara aksi sosial, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun mekarkeun deui basa jeung sastra Sunda, salaku basa jeung karya sastra urang Sunda.

1.5 Raraga Tinulis

BAB I Bubuka, eusina nyaéta medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Tatapakan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan struktur rumpaka kawih, ajén sajarah jeung ngeunaan panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Métoeu Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan métoeu panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan

desain panalungtikan, data jeung sumber data, tehnik ngumpulkeun data sarta nganalisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan déskripsi rumpaka kawih, jeung ajén sajarah. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi eusina mangrupa kacindekan tina eusi skripsi, nyaéta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya implikasi jeung rékoméndasi nyaéta saran pikeun panalungtikan saterusna sangkan ieu skripsi leuwih mundel.